

Chè Fiti Kliyan:

Tanpri jwenn yon "Inisyal Anregistreman fèy" ki ban nou enfòmasyon debaz sou ou. Enfòmasyon ou bay yo se konfidansyèl epi yo pral ede anplwaye nou yo, detèmine sèvis ki apwopriye yo ak frè yo ki ap aplike nan ka-w la. Yon konsiltasyon ape de nou detèmine kalifikasyon-w pou benefis imigrasyon ak sèvis nou yo. Yon senkant dola (\$50.00) frè pou konsiltasyon an aplike.

Ou dwe ranpli Fòm lan epi retounen-l ban nou avèk yon lajan Monen Odè pou senkant dola (\$50.00) pou yo ka mete randevou a pou ou. Lajan Monen Odè a ta dwe peyab sou non **Katolik Charite nan Sentral Florida, Inc.** Tanpri nou avize ou **ke nou pa** aksepte chèk pèsònèl.

Lè nou fin resevwa bagay sa yo, resepsyonis nou an ap rele ou epi konfime dat ak lè randevou a avek ou. Tanpri, pote tout dokiman imigrasyon ki enpòtan / enfòmasyon ou nan randevou ou. Al gade nan do paj sa a wap jwen yon lis jeneral dokiman pou pote yo.

Tanpri sonje bagay sa yo:


- Si ou pa kapab vini nan randevou ou, **tanpri rele omwen 24 èdtan alavans pou refè yon lòt randevou oswa pou anile randevou sa a.**
- Si ou **anile** randevou ou nan lespas 24 èdtan, yo pral dedwi yon frè de ven-senk dola (\$25.00) nan frè konsiltasyon / randevou a.
- Si ou **pa** ranvwaye oswa anile randevou la nan lespas 24 èdtan oswa si ou **pa** pote dokiman yo mande, yo **pap ranbouse** senkant dola (\$50.00) konsiltasyon / randevou la.
- Si ou **pa** rive atan, ou pral **oblije** pran yon lòt randevou. Yon frè pou ranbousman de ven-senk dola (\$25.00) ap aplike si ou pran yon lòt randevou nan trant (30) jou.

Tanpri konprann byen ke lajan peman ou soumèt la pou "admisyon Inisyal la" pa vle di ke Imigrasyon Legal Services (ILS) aksepte ka ou a pou nenpòt lòt bagay ke konsèy sèlman oswa yon sèvis ki limite. ILS (Imigrasyon Legal Sèvis) pap reprezante ou, sof si ILS dakò siyen ak ou mityèlman yon akò **separe** pou sèvis yo; frè adisyonèl pou sèvis yo kapab aplike. Oka si ou fè yon akò, yon avoka anplwaye ILS, yon reprezantan ki akredite, oswa yon manm pèsònèl la, ka travay sou ka ou an. Konsèy ke yo bay la se sèlman opinyon avoka anplwaye ILS oswa reprezantan ki akredite, Sèvis ILS pa garanti rezilta a nan ka w la.

Espas nou an vrèman limite, tanpri mennen pitit ou a (yo) si yo bezwen siyen dokiman yo. Tanpri sonje ke ou dwe bay, ou vini ak pwòp entèprèt ou sof si sa endike. Si ou ta gen nenpòt kesyon pou poze konsènan enfòmasyon yo bay, tanpri rele biwo nou an pou plis enfòmasyon.

Sensèman,

Vanessa McCarthy
Avoka Sipèvizè



TANPRI POU FÈ YO DOKIMAN YO:

- Paspò
- Kat I-94 & Visa
- Kat Rezidans (Green Card) * si ou genyen youn
- Sètifika natiralizasyon ou Sètifika Sitizan * si ou genyen youn
- Nenpòt dokiman ki soti nan Imigrasyon (USCIS, CBP, ICE oswa Imigrasyon Tribinal) ki montre sitiyan ou ye kounye a
- Nenpòt korespondans oswa avi nan Imigrasyon
- Lisans chofè oswa Kat idantifikasyon eta a
- Kat Sekirite Sosyal
- Ak de nésans (Batistè ou)
- Sètifika maryaj (Ak maryaj)
- Sètifika Divòs (Ak Divòs)
- Sètifika lanmò (Ak dèchè)
- Kopi sètifye nan Tribinal ak / oswa Dosye Lapolis
- ** Se sèlman si ou te yon viktim yon krim, yo te arete, te site (tikè) oswa te arete
- Lèt apwobasyon pou benefis DCF nan lang anglè
- Prè revni (taks sou revni, W2, pays, benefis Sekirite Sosyal, elatriye.)
- Nenpòt lòt dokiman ou panse ki enpòtan

LÒT DOKIMAN NESESÈ:
